

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Wahyu Wibisana salah sahiji tokoh sastrawan nu lahir di Tasikmalaya, 19 Januari 1935. Salian ti kasohor jadi sastrawan, Wahyu Wibisana ogé salaku guru lulusan IKIP Bandung. Salila hirupna Wahyu Wibisana ngahasilkeun pirang-pirang karya sastra hususna sastra Sunda saperti sajak, carpon, jeung naskah drama. Dina karya-karyana nu éstétis jeung romantis, anjeunna ngagambarkeun manusa Sunda nu ngalarapkeun silih asah, silih asih, jeung silih asuh dina kahirupan. Tina kualitas karya Wahyu Wibisana éta, anjeunna meunang sababaraha penghargaan.

Taun 2012, Wahyu Wibisana meunang penghargaan ti Ikatan Penerbit Indonesia Jawa Barat salaku penulis buku basa Sunda. Taun 2013, Wahyu Wibisana meunang deui penghargaan di widang kabudayaan ti Anugrah Rumawat Padjadjaran nu diayakeun ku Universitas Padjadjaran Bandung dina acara Dies Natalis ka-56. Wahyu Wibisana ogé jadi inisiator tina ngadegna majalah *Mangle* anu terbit di Bogor taun 1954. Majalah *Mangle* mangrupa salah sahiji majalah nu basa panganteurna ngagunakeun basa Sunda.

Taun 2017, Pustaka Jaya nerbitkeun buku kumpulan carpon “*Hiji Tanggal nu Dipasinikeun*”. Ieu buku mangrupa salah sahiji bentuk apresiasi, ogé dijieun pikeun dijadikeun tawis katineung jeung miéling karya-karya Wahyu Wibisana nu parantos tilar dunya. Taun 2018, éta buku jadi nominasi penerima Hadiah Sastra Rancagé.

Tanggal 13 Oktober 2014 Wahyu Wibisana tilar dunya, ieu kabar ngajadikeun inohong-inohong Sunda hususna di widang sastra Sunda ngarasa leungiteun. Ku kituna dina taun nu sarua, Universitas Padjadjaran ngayakeun acara pikeun miéling karya Wahyu Wibisana. Acara nu digelar nyaéta Pidangan Rumawat Padjadjaran ka-73 nu temana “*Ti Cisoyong ka Cisoyong*”. Tema dicutat dumasar kana lahir jeung mulangna Wahyu Wibisana di Cisoyong, Tasikmalaya. Dina éta acara, salah

sahiji eusi acarana aya drama nu dipintonkeun ku grup Teater Sunda Kiwari. Naskah drama nu dipintonkeun nyaéta “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana.

Dina naskah drama Sunda “Tukang Asahan” nu ditepikeun aya sababaraha wangun drama, aya drama modérn, drama gending karesmén, drama tradisional longsér, jeung drama sandiwara. Dasarna drama mangrupa gerakan atawa paripolah kahirupan nu dijerona aya dialog. Unggal wangun drama miboga karakteristik nu béda-béda. Drama modern nyaéta drama jaman kiwari nu cara panyajianana ngagunakeun naskah saperti téater, sinétron, jeung film. Dina naskah “Tukang Asahan”, drama modérn nu dipintonkeun nyaéta téater aliran realis, sabab eusi caritana anu saperti kahirupan sapopoé. Drama gending karesmén mangrupa wangun drama nu dipangaruhan ku gaya Eropa. Ieu drama mimiti muncul di Jawa, tuluy sumebar luas hususna dina drama Sunda. Salian ti dialog jeung gerakan, nu ngabédakeun génding karesmén jeung drama téh nyaéta dina cara népikeun dialogna ku haleuang atawa lalaguan. Dina sastra Sunda, dialog tina ieu drama dihaleuangkeun ku palaku ngagunakeun patokan pupuh. Drama Longsér nyaéta drama tradisional Sunda nu kaasup drama rakyat, sabab dipintonkeun di tengah-tengah rakyat. Drama longsér ogé diayakeun di tempat terbuka saperti lapangan bal. Baheula pintonan drama longsér diayakeun dadakan, malah saperti ngamén, para pemaén nguriling ka kampung - kampung pikeun pagelaran. Drama sandiwara nyaéta drama nu dialogna ngagunakeun sandi atawa lambang pikeun nepikeun pangajaran dina carita sarta tina gerakanana aya unsur tari, hal ieu nu ngajadikeun sandiwara leuwih dramatik.

Wangun drama dina naskah “*Tukang Asahan*” karya Wahyu Wibisana disaluyukeun dumasar kana latar tempat nu dicaritakeun. Latar Liberalisme Klasik nu ngagambarkeun karajaan, diwangun ku drama gending karesmén. Latar padésaan has Sunda nu nyaritakeun Si Kabayan, di wangun ku drama tradisional longsér. Latar Friedrich Wilhelm Nietzsches, nu nyaritakeun kisah Sudagar di wangun ku drama sandiwara. Latar modern, ku mahasiswa jeung tukang asahan di

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

wangun ku drama modérn. Dumasar kana latar drama, galur carita nu ditepikeun nyaéta maju mundur, ieu hal anu ngajadikeun drama kompléks.

Galur nu dicaritakeun tangtu dibawakeun ku palaku dina naskah drama. Palaku dina naskah ditangtukeun dumasar kana latar. Salian ti latar, karakteristik palaku ogé nangtukeun suasana jeung wangun drama nu dibawakeun. Saperti dina latar karajaan, aya Raja nu kakuasaanna luhur. Latar padesaan, aya Si Kabayan nu paripolahna ngajungjung silih asah, silih asih, silih asuh jeung perwatek nu has jalma Sunda nyaéta resep heureuy. Latar padagangan, aya sudagar anu embung éléh tina segi harta. Latar modern, aya mahasiswa jeung tukang asahan salaku panganteur carita. Sanajan unggal latar jeung palaku miboga karakteristik jeung udagan nu beda-beda, aya hiji hal nu ngajadikeun ieu carita jadi kompléks. Pangabutuh unggal palaku sarua, nyaéta mikabutuh batu asahan. Ku ayana pangabutuh jeung udagan unggal tokoh, ti sisi éta naskah bisa dianalisis tina segi psikologi humanistikna.

Psikologi humanistik mangrupa salah sahiji cabang élmu ngeunaan psikologi nu mekar ti taun 1940. Humanistik muncul tina rasa teu sugemana manusa ngeunaan psikoanalisa jeung behavioristik. Abraham Maslow (dina Rachmahana, 2008) nétélakeun yén manusa miboga pangabutuh nu hérarki, pangabutuh nu penting misalna jasmani nu asasi jeung pangabutuh estetis séjénna. Maslow ogé nétélakeun ayana tingkatan kabutuhan nyaéta pangabutuh fisiologis, pangabutuh rasa aman, pangabutuh kanyaah, pangabutuh penghargaan, jeung pangabutuh aktualisasi diri.

Aristoteles (dina Koswara, 2013) nétélakeun yén sastra téh mangrupa kagiatan utama manusa pikeun néangan jati dirina salian ti kagiatan séjénna saperti agama, élmu pangaweruh, jeung filsafat. Sastra ogé mangrupa ékspresi husus anu bisa méré sawangan pasualan manusiawi, sosial, atawa intéléktual Luxemburg (Koswara 2013). Drama nyaéta carita atawa lalakon anu diwujudkeun dina wangun paripolah jeung paguneman, maksudna pikeun dipintonkeun.

Jaman kiwari drama saukur dijadikeun pintonan atawa hiburan. Sedengkeun drama bisa dijadikeun bahan ajar pikeun dunya nyata saperti amanah nu aya dina carita drama, penyelesaian masalah dumasar élmu pangaweruh, paripolah palaku

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
"TUKANG ASAHAN" KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina naskah nu bisa dijadikeun pieunteungeun kana diri manusa, jeung pangabutuh tina unggal palaku. Paripolah palaku jeung pangabutuh palaku dina carita bisa ditaluntik ku élmu psikologi humanistik. Ku kituna, penulis bakal jembar ngaguar kabutuhan jeung karakteristik tokoh tina naskah “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana ku pendekatan psikologi humanistik.

Aya sawatara panalungtikan anu ngaguar ngeunaan naskah drama jeung analisis psikologi saperti “Analisis Naskah Drama “Meredong” Karya Rosyid E. Abby saduran tina Naskah Drama “Ke” karya Yudhistira ANM Massardi (Ulukan Semiotik)” nu ditalungtik ku Sanjani taun 2012, “Ajen Moral dina Naskah Drama “Cucunguk” Karya Yoseph Iskandar” nu ditalungtik ku Hendi Perdiansyah taun 2007, “Sawangan Psikologi kana Novél “Pangantén” Karya Dédén Abdul Aziz” nu ditalungtik ku Andriani taun 2005, “Kajian Psikoanalisis dina Novél “Tempat Balubuh” Karya Aam Amilia” nu ditalungtik ku Perdiwan taun 2006, “Ulukan Struktural jeung Psikoanalisis kana Novél *Sripanggung* Karya Tjaraka” nu ditalungtik ku Rany Mahardika taun 2015. Salian ti éta aya ogé panalungtikan ngeunaan psikologi humanistik saperti panalungtikan “Psikologi Humanistik dan Pengaplikasian dalam pendidikan” ditalungtik ku Ratna Syifa’A Rachmahana taun 2008, “Kajian Psikologis Humanistik kana Kumpulan Carita Pondok *Anak Jadah* Karya Cécép Burdansyah” nu ditalungtik ku Erfhan Ertano taun 2012, “Kajian Psikologi Humanistik Novel *Merpati Biru* Karya Achmad Munif” nu ditalungtik ku Friesca, dkk taun 2014, “Perspektif Psikologi Humanistik Abraham Maslow dalam Meninjau Motif Pelaku Pembunuhan” nu ditalungtik ku Azrina, dkk taun 2016 , “Analisis Psikologi Kepribadian Humanistic Tokoh Utama Novel *Anak Rantau* karya Ahmad Fuadi dan Kelayakannya sebagai Bahan Ajar SMA” nu ditalungtik ku Deni Cahyo Aji taun 2019.

Tina sababaraha panalungtikan di luhur, panalungtikan ngagunakeun téori psikologi humanistik seueur nu dihubungkeun jeung pengaweruh kahirupan. Salian ti éta, seueur ogé novel nu dijadikeun objék pikeun ieu tiori. Ku kituna penulis ngajadikeun **“Ulukan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana”** pikeun judul panalungtikan.

Salma Fakhira, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan saperti di handap ieu.

- 1) Kumaha struktur carita dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana?
- 2) Kumaha struktur naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana?
- 3) Kumaha psikologi humanistik dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana téori, sacara umum udagan ieu panalungtikan pikeun méré informasi ngeunaan psikologi humanistik nu museur kana karakter jeung kabutuhan unggal tokoh nu aya dina naskah drama “Tukang Asahan”.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita nu ditepikeun dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana;
- 2) struktur naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana;
- 3) psikologi humanistik naon waé nu muncul tina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana;

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpat Tioritis

Panalungtikan bisa dijadikeun conto analisis ngeunaan naskah drama dina ulikan psikologi humanistik. Unggal karakter tokoh nu dimunculkeun bisa ditalungtik psikologi humanistik na sangkan jadi bahan pieunteungeun pikeun kahirupan. Salian ti éta, naskah drama ogé bisa dijadikeun pangajaran, lain saukur hiburan.

Salma Fakhira, 2021

*ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK DINA NASKAH DRAMA
“TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun,

- 1) méré gambaran ngeunaan analisis karya sastra hususna naskah drama maké sawangan psikologi humanistik;
- 2) bisa jadi bahan référénsi pikeun akademisi sarta sastra Sunda;
- 3) nambahan informasi sarta gambarana analisis karya sastra kana wanda naskah drama.

1.5 Raraga Tulisan

Tulisan téh dipidangkeun dina lima bab, nyaéta kieu.

Bab I Bubuka. Eusina ngaguar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir. Eusina ngeunaan tiori struktural carita, struktur naskah, psikologi humanistik dina drama, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méthode panalungtikan. Dina bab III diguar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumen panalungtikan, jeung téhnik data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina bab IV dijéntrékeun analisis struktural jeung psikologi humanistik dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi anu eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi ti panyusun.

